



Pou Piblikasyon Imedya: 03/03/2025

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANKOURAJE NOUYÒKÈ YO POU YO PREPARE POU  
INONDASYON KI KREYE AKOZ BLÒK GLAS YO**

*Nèj ki fonn, chit lapli ak mouvman glas yo ta ka lakòz inondasyon akòz blòk glas  
yo jiska jedi pou anpil pati nan Lwès NY, Finger Lakes, NY Santral ak North  
Country*

*Tanperati ki pi wo pase nòmal konbine avèk lapli ka lakòz inondasyon lokalize ak  
debi rivyè ki wo*

*Avètisman kont inondasyon an vigè pou Lwès NY ak NY Santral, Finger Lakes ak  
North Country jiska jedi apremidi*

Jodi a, Gouvènè Kathy Hochul te ankouraje Nouyòkè yo pou yo prepare yo pou potansyèl inondasyon akòz tanperati cho ak chit lapli, apati madi swa epi k ap kontinye jiska jedi. Tanperati yo pral ogmante atravè Eta a apati madi, ak kèk kote k ap wè prèske 15.5 degre C (60 degre F). Tanperati ki pi wo pase nòmal ansanm ak jiska yon 2.5 cm (1 pou) lapli ka lakòz inondasyon lokalize ak gwo debi rivyè ak kèk bòk glas, espesyalman sou riso ak koudlo nan Lwès ak Nò Nouyòk Santral.

"Nouyòk pa etranje ak move tan ak danje potansyèl pou inondasyon rapid", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Administrasyon mwen an ap siveye move tan ak anpil atansyon epi pral deplwaye resous pou kenbe Nouyòkè yo an sekirite, epi mwen ankouraje tout moun pou yo rete vijilan epi siveye previzyon an ak anpil atansyon pandan plizyè jou k ap vini yo."

Genyen Avètisman kont Inondasyon an vigè pou Lwès NY, nò Finger Lakes, nò NY Santral ak Plato Tug Hill nan North Country apati madi apremidi jiska jedi apremidi akòz nèj k ap fonn, lapli ak mouvman glas yo. Inondasyon akòz blòk glas pral posib, espesyalman sou riso ak koudlo kote yo te deja rapòte blokaj. Pou kapab jwenn yon lis konplè alèt yo, vizite sit entènèt [Sèvis Meteyowolojik Nasyonan](#) (National Weather Service) la. Nou ankouraje Nouyòkè yo pou enskri pou alèt ijans lè yo abone nan [Alèt NY](#) — yon sèvis gratis ki bay enfòmasyon ijans gratis sou telefòn ak òdinatè ou.

**Preparasyon Ajans**

## **Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis pou Ijans yo nan Eta Nouyòk (New York State Division of Homeland Security and Emergency Services, DHSES)**

Biwo Jesyon Ijans (Office of Emergency Management) Divizyon an rete an kontak ak omològ lokal li yo epi prepare pou fasilite demann pou asistans yo. Rezèv eta yo gen pèsònèl epi yo pare pou deplwaye resous entèvansyon ijans ak atik jan sa nesèsè. Sant Siveyans Eta a ap siveye enpak yo nan tout eta a ak anpil atansyon. Ou kapab jwenn plis konsèy sou sekirite kont inondasyon nan [www.dhSES.ny.gov](http://www.dhSES.ny.gov).

## **Depatman Transpò (Department of Transportation)**

Depatman Transpò Eta a pare pou li entèvni avèk plis pase 3,763 sipèvizè ak operatè. Anplwaye depatman an ap kontwole aktivman zòn ki gen pwoblèm epi pare pou poze aksyon jan sa nesèsè pou atenyè inondasyon. Anplwaye yo ka konfigire nan nenpòt kalite ekip entèvansyon ki nesèsè, sa gen ladan entèvansyon nan ka inondasyon, dechiktez, chaj ak transpò, aparèy presyon dlo pou egou, koupe ak lanse, siyal trafik, elatriye. Ekip DOT yo ap netwaye bank nèj yo, tcheke ak netwaye drenaj yo ak ponso yo yon fason pwo-aktif. Tout rezidans nan kote ki afekte yo pral gen anplwaye ak operatè, sipèvizè, ak mekanisyen pandan tout tan evènman an ak operasyon netwayaj priyorite yo.

Kantite ekipman ki genyen nan tout Eta a repati konsa:

- 1,610 gwo kamyon abèn baskil
- 349 gwo chajè
- 90 dechiktèz
- 83 ekskavatis ak wou ak cheniy
- 15 kamyon aspiratè ak jè egou
- 12 ekip pou pyebwa avèk kamyon nasèl

Yo pral re-evalye bezwen pou plis resous jan kondisyon yo mande pandan tout dire evènman an.

Pou jwenn enfòmasyon sou sikilasyon antan reyèl, otomobilis yo dwe rele 511 ouben vizite sitwèb <https://www.511ny.org/#:Alerts>, sous enfòmasyon sou vwayaj ak sikilasyon ofisyèl Eta Nouyòk la.

## **Otorite Thruway (Thruway Authority)**

Otorite Thruway gen 693 operatè ak sipèvizè prepare pou reponn nenpòt pwoblèm ki gen rapò ak van, inondasyon oswa move tan atravè Eta a ak ti kamyon chasnèj/a bèn, ekskavatis tay mwayen, gwo chajè, kamyon vakyòm, ponp pòtatif, tronsonez, dechiktez a bwòs ak lòt ekipman. Anplis de sa, ekip Antretyen Divizyon yo ap enspekte, netwaye epi antreteni fose yo, ponso ak drenaj tanpèt yo yon fason pwo-aktif pou kanalize dlo tanpèt yo byen lwen sifas wout yo ak sou platfòm woutye yo pou anpeche inondasyon sou wout la.

Yo itilize Pano pou Mesaj Varyab (Variable Message Signs) ak rezo sosyal yo pou avèti otomobilis yo sou kondisyon move tan pandan yo sou Thruway la. Otorite Thruway yo

ankouraje otomobilis yo telechaje [aplikasyon mobil](#) li an, ki disponib gratis sou aparèy iPhone ak Android yo. Aplikasyon an bay otomobilis yo aksè dirèk ak enfòmasyon sou sikilasyon an nan tan reyèl, kamera sikilasyon yo nan tan reyèl, ansanm avèk asistans pou navigasyon pandan yo sou wout. Otomobilis yo ka enskri tou pou imèl [TRANSalert](#) ak swiv [@ThruwayTraffic](#) sou X pou dènye enfòmasyon sou kondisyon sikilasyon sou Thruway la.

### **Lapolis Eta Nouyòk**

Lapolis Eta Nouyòk te bay enstriksyon ak Manm Patwouy yo pou yo rete vijilan epi pral deplwaye pèsonèl anplis nan zòn ki afekte yo jan sa nesesè. Tout veyikil a kat wou yo an sèvis, epi tout veyikil espesyalize yo, ki gen ladan veyikil itilite touteren yo pare pou deplwaman.

### **Depatman Sèvis Piblik (Department of Public Service, DPS)**

Konpayi sèvis piblik Nouyòk yo genyen apeprè 5,500 travayè disponib nan tout eta a pou angaje nan evalyasyon domaj, efò entèvansyon, reparasyon ak restorasyon atravè Eta Nouyòk, jan sa nesesè. Pèsonèl ajans lan ap swiv travay sèvis piblik yo pandan tout evènman an epi sire sèvis piblik yo voye anplwaye apwopriye yo nan rejyon ki gen pi gwo enpak yo.

### **Depatman Konsèvasyon Anviwònmanal Eta Nouyòk (New York State Department of Environmental Conservation, DEC) la**

Anplwaye Jesyon Ijans DEC, Ofisyè Lapolis Depatman Konsèvasyon Anviwònmanal, Gad Forè yo ak anplwaye rejyonal yo rete an alèt epi yo ap kontinye siveye sitiyasyon ki ap devlope a ak previzyon metewo yo. An kolaborasyon ak patnè ajans yo, Depatman Konsèvasyon anviwonman (Department of Environmental Conservation, DEC) prepare pou kowòdone deplwaman tout resous ki disponib tankou premye entèvenan yo nan zòn ki sible nan preparasyon pou enpak potansyèl gwo lapli ak inondasyon ka lakòz.

Move tan enprevizib ak tanpèt nan Adirondacks, Catskills ak lòt rejyon andeyò peyi a, kapab kreye kondisyon danje sanzatann. Vizite yo ta dwe prepare ak bon rad ak ekipman apwopriye pou lapli, nèj, glas ak fredri pou asire yon eksperyans eksteryè ki an sekirite. Santye ki gen kondisyon miks nèj, glas ak labou.

Yo konseye randonè yo pou evite tanporèman tout santye ki gen alitid wo yo ansanm ak santye ki travèse rivyè ak kouran dlo yo. N ap ankouraje randonè nan Adirondacks yo tcheke paj wèb [Enfòmasyon sou zòn Kanpay Adirondack la](#) pou mizajou sou kondisyon santye yo, fèmti wout sezonye yo, ak enfòmasyon lwazi jeneral. Moun k ap vizite rejyon andeyò yo ta dwe [fè pridans](#) epi swiv bon jan gid sekirite. Planifye vwayaj kòm sadwa. Nan ka ijans, rele 9-1-1. Pou mande asistans Gad Forè, rele 1-833-NYS-RANGERS.

Avèk tanperati yo prevwa k ap pi cho pandan semèn lan, DEC raple tout pasyone lè lib yo pou yo konsidere [kondisyon yo lè y ap fè randone](#) epi pran prekosyon lè avantire sou glas. Pandan ke kèk vwa navigab yo ka parèt jele, DEC konseye amatè aktivite deyò yo [pou revize konsiy sekirite sou glas](#) anvan yo deplase.

## **Biwo Pak, Lwazi ak Konsèvasyon Istorik (Office of Parks, Recreation and Historic Preservation)**

Lapolis Pak Eta Nouyòk ak anplwaye pak yo rete alète epi y ap swiv depre kondisyon metewolojik ak enpak yo. Vizite pak yo dwe vizite [parks.ny.gov](https://parks.ny.gov), tcheke aplikasyon mobil [gratis](#) la, oswa rele biwo pak lokal yo pou yo jwenn dènye nouvèl konsènan lè fonksyonman, lè ouvèti ak fèmti pak yo.

### **Konsèy sou Sekirite pou Inondasyon**

- Chèche konnen wout ki gen mwens danje a pou soti lakay ou oubyen biznis ou, pou rive sou teren pi wo ki pa gen danje sizoka ou dwe kite nan prese.
- Devlope epi pratike yon plan "evakyasyon fanmi" epi idantifye yon espas rankont si manm fanmi an vin separe.
- Fè yon lis detaye tout bagay ki gen valè tankou mèb, rad ak lòt objè pèsònèl. Kenbe lis la nan yon kote ki an sekirite epi konsidere kenbe dokiman foto ak videyo.
- Fè rezèv estòk ijans manje nan bwat, medikaman ak atik premye swen epi dlo potab. Sere dlo potab nan veso pwòp ki byen fèmen.
- Planifye sa w ap fè ak bèt ou gen nan kay la.
- Kenbe yon radyo pòtab, flach, batri anplis ak ekipman ijans pou fè manje sou men.
- Toujou gen gaz nan machin ou. Si kouran elektrik la koupe, estasyon gazolin ka p ap ka bay gaz pandan plizyè jou. Kenbe yon ti pwovizyon nan kòf machin ou sizoka ta gen katastwòf.
- Chache konnen konbyen pye pwopriyete w la mezire anlè ak anba nivo inondasyon posib yo. Lè yo fè w konnen nivo inondasyon yo prevwa, ou ka wè si ou gen risk pou inonde.
- Kenbe materyèl tankou sak sab, playwoud, fèy plastik ak bwa sou lamèn pou rezistans nan dlo nan sitiyo ijans.
- Tcheke kouvèti asirans ou. Anjeneral polis asirans pwopriyete kay pa kouvri dega inondasyon. Sèl asirans inondasyon ka pwoteje kay ou kont dega inondasyon. Ou kapab achte asirans inondasyon kèlkeswa kote ou rete, menm si se pa yon zòn inondasyon.

Pou w jwenn yon lis konplè kondisyon meteyo ak lide pou preparasyon anvan, pandan ak apre yon inondasyon, ale nan sit entènèt Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis pou Ijans yo nan <https://www.dhss.ny.gov/flood-safety-tips>.

###

Lèt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](https://www.governor.ny.gov)  
Eta Nouyòk | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418  
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: [ny.gov/signup](https://ny.gov/signup) | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)